# Хаза нускал

**Ламана стом бууш, терка хи муьйлуш,**
**Ша басна хазбелла къора кхокху санна,**
**Хьо басна хазъели, ва нена хаза йо1,**
**Х1у дичи х1у хир-те, х1у дичи хьо хир-те.**

**Хазалла къестаеш, хьо кхиъна яьлчи,**
**Басна ша тоелла, хьо ара яьлчи,**
**Хьо йолчу аг1ор схьа мох хьекха боьлчи,**
**Там хуьлу сан дагна, дог ловза дуьйлу.**

**Лакхара ламанаш ц1е деши хилчи,**
**Лахара аренаш к1ай дети хилчи,**
**И деши, ва дети дерриг д1аделла,**
**Сайна юьтур ярий нена хаза йо1.**

**Хьо яло ва аьлла гулдина даьхни,**
**Хьо дага ва йеъчи, дайал бен ца хуьлу.**
**Езачу ва суна ма генахь ю хьо,**
**Йигначу к1антанна хаза нускал деци хьо.** } **2р**

Create PDF files without this message by purchasing novaPDF printer (http://www.novapdf.com)